# PLASEPRI PASPED

*Tekki fii*

AGENZIA ITALIANA PER LA COOPERAZIONE ALLO SVILUPPO

cdp

Ce projet est cofinancé par l'Union Européenne

**Waññi *migration irrégulière* jaarale ko ci taxawu *secteur privé* ak taxawali xëy ci dëkk bi moo tax a jog nas bi di *PASPED.* Bëgg na jàppale këru liggeeyukaay yu ndaw yi ak yu digg-doom yi ci Senegaal ci yokk seen xarañte ci wallu koom-koom.** Lu ni mel nag, mu ngi soxal diiwaan yi di Ndakaaru, Njaaréem, Cees, Kawlak, Luga, Ndar ci biir Sénégaal. Soxal na tamit doomi réew yi nekk ci bitim-réew rawati-na ci Itaali.

Ci noonu tamit, ñaareelu paccu li di PLASEPRI (Plateforme d'appui au secteur privé et à la promotion de la diaspora sénégalaise) dinañu ko wéyal ci yokk jokkoo bi am ci diggante Senegaal ak Itaali te nësër yi di benn ak yu PASPED :

Indi ab jàppale ci wallu xarala ak koppar ngir yokkute këru liggeeyukaay yu ndaw yi ak yu digg-doom yi ci Senegaal

Gën a jàppale potentiel économique local ak bu waa bitim-réew, rawati-na bu waa Itaali

Jàppandalu UE dina tax ba ñu am ay yëngu-yëngu yu bees dolli ko ci yu *PLASEPRI* yi. Loolu dina jaar ci indi ay jumtukaay yu ànd ak jamono ci wallu koom-koom, yokk taxawu gi ci wallu xarala ak tamit dooleel lu gën a takku ci ay këru liggeeyukaay yu ndaw ak yu digg-doom suñu kemtalaayu kàttan, fexe ba taxawal ay xëy yu bees rawati-na ngir ndaw ñi ak jigeen ñi.

Lëkkaloo bi di am ci diggante ñaareelu pàccu *PLASEPRI* ak *PASPED* dafay jur li di *Programme Global Unique (PGU)* nga xam ne ponk yi ñoo koy ëmb :

**1) Jàppale ci wallu koppar ngir këru liggeeyukaay yu ndaw yi ak yu digg-doom yi ci diiwaan yi nas bi di laal ;**
**2) Jàppale ci wallu xarala ngir këru liggeeyukaay yu ndaw yi ak yu digg-doom yi ginnaaw bi ñu leen joxe koppar ba noppi ;**
**3) Jàppale ndaw ñi ba ñu am liggeey ;**
**4) Soññ doomi Senegaal yi nekk bitim-réew, rawati-na waa Itaali ngir ñu investir ci dëkk bi.**

Pexe yi yépp nag li leen tax a jog, jaarale ko ci dundalaat *secteur privé local,* mooy taxawal ay xëy ngir ndawi réew mi ci diiwaan yi gën a jànkoonteek li di *migration* te ndóol ak dund bu tar waral ko.

Kurel giy saytu *Programme Global Unique PLASEPRI/PASPED* dina boole ay boroomi xam-xam yu raññeeku ci ponk yi soxal nas bi. Dinañu nekk ñu seen xam-xam màcc ci wallu yorinu nas ak dooleel ci wallu koppar ak xarala ngir këru liggeeyukaay yu ndaw yi ak yu digg-doom yi.

PLASEPRI
PASPED

Unité de Gestion du Programme Global Unique
Sotrac Mermoz N°142-Dakar, Tél :+221 33 860 68 59
info@plasepri.sn – www.plasepri.sn

AGENZIA ITALIANA PER LA COOPERAZIONE ALLO SVILUPPO

cdp

Ce projet est cofinancé par l'Union Européenne

Cette publication a été produite avec le soutien financier de l'Union européenne.
Son contenu relève de la seule responsabilité de l'Agence Italienne pour la Coopération au Développement et ne reflète pas nécessairement les opinions de l'Union européenne.